



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 11 jen 2012

**GOUVÈNÈ CUOMO AK DIRIJAN LEJISLATIF YO ANONSE YON AKÒ SOU PWOJÈ-LWA POU RANFÒSE LWA
NEW YORK SOU VYOLANS NAN KAY**

Ogmante Sanksyon pou Delenkan ki Fè yon Krim ankò

***Pwoteje Viktim Vyolans nan Kay kont Domaj Lè yo Ranfòse Egzijans Libète sou Kondisyon pou
Delenkan ki Konn Fè Zak Vyolans nan Kay anvan oswa Ki Gen Zam pou Tire***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo, Dirijan Majorite Sena a, Dean Skelos, ak Pòtpawòl Asanble a, Sheldon Silver, te anonse yon akò yo jwenn sou yon gwo pwojè-lwa pou ranfòse lwa New York sou vyolans nan kay.

Akò a gen ladan yon seri mezi yo pral pran pou pwoteje moun ki viktim nan vyolans nan kay, epi pou aplike lalwa avèk severite kont delenkan ki kontinye ap fè zak vyolans nan kay. Dispozisyon ki nan pwojè-lwa a gen ladan ogmantasyon sanksyon pou yon zak ki repete nan yon krim; pèmisyon pou jij yo konsidere faktè risk tankou posesyon zam pou tire ak vyolasyon lòd restriksyon lè y ap detèmine kantite lajan pou libète sou kondisyon an.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Avèk vyolans nan kay ki rete yon gwo pwoblèm isit la nan New York ak toupatou nan peyi a, eta nou an dwe kontinye premye eta nan ranfòse lwa yo pou pi byen pwoteje viktim yo, epi pou aplike lalwa avèk severite kont delenkan ki lakòz domaj sou fanmi yo. Lè nou konsidere delenkan ki kontinye ap fè vyolans nan kay kòm yon nouvo krim, eta a ap pran mezi ki pi sevè pase anvan kont moun k ap fè vyolans nan kay plizyè fwa, epi nou asire kriminèl sa yo pa kapab fè viktim yo mal ankò. Nou p ap janm tolere okenn fòm vyolans nan kay, epi mwen bat bravo pou Dirijan Majorite Seklos, Pòtpawòl Silver, ak moun ki sipòte pwojè-lwa a pou travay yo nan jwenn yon akò sou pwojè-lwa enpòtan sa a.”

Dirijan Majorite Sena a, Dean G. Skelos, di konsa, “Akò sa a fèt sou angajman nou pou batay kont vyolans nan kay, epitou pou pwoteje viktim inosan yo, ki te toujou yon objektif konferans repibliken Sena nou an. Olye nou politize pwoblèm sa a jan lòt yo te fè anvan, nou te travay nan tèt ansanm avèk Gouvènè ak Asanble a pou montre yon fwa ankò kijan gouvènman an kapab fonksyone ak bay yon

Haitian Creole

repons pou yon pwoblèm ki trè enpòtan. Mwen bat bravo pou Gouvènè a pou kalite dirijan li, epitou mwen bat bravo pou Senatè Saland ak Senatè Golden poutèt yo ede nou reyalite yon pwojè-lwa serye k ap sove lavi moun.”

Pòtpawòl Asanble a, Sheldon Silver, di konsa, “Pandan anpil ane, Asanble a te pran mezi pou elimine vyolans nan kay lè yo te ranfòse lwa pou pwoteje sante ak sekirite moun ki viktim nan abi pandan yo te asire plis delenkan ki fè zak vyolans nan kay jwenn plis sanksyon yo merite. Sa gen ladan dènye adopsyon yon pwojè-lwa pou mete akizasyon nan nivo krim pou delenkan ki kontinye ap fè zak vyolans nan kay, yon pwoblèm pwojè-lwa sa a te abòde deja. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo ak kamarad mwen yo nan Sena a pou angajman sensè yo pran nan sa ki se epi ki te toujou yon priyorite pou Asanble a, pou ranfòse miray pwoteksyon legal ki antoure moun ki viktim nan vyolans nan kay nan Eta New York.”

Vyolans nan kay se yon pwoblèm ki toujou la, epi li gen konsekans sou Eta New York ak nan peyi a. U.S. Surgeon General te idantifye li kòm pwoblèm sante nimewo en (1) ki afekte fanm ameriken yo, epitou ka sa yo toujou prezante nan sistèm jistis Eta New York ak tribinal chak eta ki nan peyi a. Pwojè-lwa yo dakò sou li a pral bay yon kantite dispozisyon enpòtan pou ede Eta New York pi byen anpeche vyolans nan kay ak pwoteje viktim yo.

Senatè Steve Saland di konsa, “Pa depi ane 1994, lè mwen t ap batay pou politik pou gen arestasyon obligatwa pou sitiyasyon ki konsène vyolans nan kay, nou te fè gwo pwogrès sa a pou moun ki viktim abi yon patnè entim oswa yon manm fanmi. Se te yon efò kolaborasyon, epi mwen kwè toutbon avèk adopsyon pwojè-lwa sa a, n ap fè Eta nou an gen plis sekirite pou anpil moun k ap viv nan laperèz. Jodi a, nou tande vwa yo.”

Senatè Marty Golden di konsa, “Akò sa a pou sove lavi moun ap bay pi bon pwoteksyon pou moun ki viktim nan vyolans nan kay kont abi ak asèlman lakay yo ak lavi pèsònèl yo. Sosyete nou an pa ta dwe tolere zak mekan vyolans nan kay, epi nouvo lwa sa a ap kontinye tradisyon endepandan eta a nou an pou pwoteje dwa fanm yo. Okenn moun k ap viv nan Eta New York pa ta dwe ap viv anba menas vyolans ak laperèz.”

Prezidan Komite Jidisyè Asanble a, Helene Weinstein, di konsa, “Avèk apeprè 400.000 ensidan vyolans nan kay yo rapòte chak ane nan New York, sa a se yon kriz ki mande atansyon nou ak pi bon efò nou. Mwen bat bravo pou kamarad mwen yo nan Asanble a ak nan Sena a, ak pou Gouvènè Cuomo poutèt yo sipòte yon pake pwojè-lwa k ap rezoud pwoblèm sa a, pwoteje moun ki viktim yo, epi bay sanksyon pidevan pou delenkan yo.”

Prezidan Komite Kòd Asanble a, Joseph R. Lentol, di konsa, “Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo ak kamarad mwen yo nan Asanble a ak nan Sena a poutèt yo travay ansanm sou akò enpòtan sa a. Adopsyon pwojè-lwa sa a ap asire yo fè aksyon jidisyè avèk efikasite pou zak vyolans nan kay, epi pou yo trennen delenkan yo lajistis. Mezi sa yo enpòtan pou ranfòse mwayen nou pou pwoteje moun ki viktim abi yo.”

Haitian Creole

Kreye Nouvo Krim ak Deli pou Anpeche Asèlman, epi Aplike Lalwa avèk Severite kont Delenkan ki Kontinye ap Fè Vyolans nan Kay.

Akò lejislatif la ap bay plis sanksyon pou delenkan ki fè zak vyolans nan kay ki kontinye ap fè zak ki nan nivo deli. Pwojè-lwa a ta konsidere krim “Zak Grav sou Fanmi” kòm yon krim klas E pou asire yo trennen lajistis tout delenkan ki gen yon istwa vyolans nan kay epi ki kontinye ap fè zak kriminèl. Pwojè-lwa a ta detèmine yon nouvo deli klas A pou “Asèlman Grav nan Dezyèm Degre”, ki fèt lè yon delenkan, ki gen entansyon pou fè asèlman, nui, menase, oswa bay laperèz, lakòz domaj fizik sou yon moun oswa sou fanmi yo oswa sou moun lakay yo.

Menmsi Eta New York deja gen yon kantite pwoteksyon fò kont vyolans nan kay, anpil delenkan vyolans nan kay kontinye fè zak nan nivo ba, ki lakòz viktim yo kontinye viv nan laperèz ak domaj posib. Pa egzanp, yon delenkan ki gen 132 kondanasyon anvan, anpil ladan yo te sòti nan atak kont patnè li, te pase nèf (9) mwa nan prizon pou yon atak li te fè kont pitit fi li. Depi liberasyon delenkan an sou dosye sa a, lapolis te arete li ankò pou vyolans nan kay. Lè pwojè-lwa a kreye yon nouvo klas zak nan krim ak deli, l ap ede asire delenkan ki kontinye ap fè zak yo ka jwenn sanksyon ki pi sevè. Sanksyon maksimòm pou yon deli klas A se 1 ane nan prizon lokal, men pou yon krim klas E, santans maksimòm nan se 1½ a 4 ane nan prizon leta.

Deli pou asèlman grav kòmanse nan 60 jou, epi krim zak grav sou fanmi kòmanse nan 90 jou, apre pwojè-lwa a vin yon lwa.

Pèmèt Jij yo Konsidere Lòt Faktè Risk Lè y ap Detèmine Peman pou Libète sou Kondisyon pou pi Byen Pwoteje Viktim yo kont Lòt Domaj.

Dapre akò lejislatif la, tribinal yo ta gen obligasyon pou premye fwa pou yo konsidere sèten faktè risk lè y ap detèmine peman pou libète sou kondisyon pou yon delenkan yo akize avèk yon zak kriminèl kont yon manm fanmi li oswa kont yon moun k ap viv lakay li.

Pou kounye a, tribinal yo pa gen obligasyon pou konsidere nenpòt faktè espesyal lè y ap detèmine peman pou libète sou kondisyon nan yon dosye vyolans nan kay, pou pèmèt delenkan yo nan kèk la jwenn libète yo sou ti peman pou libète sou kondisyon, epi poutèt sa, pèmèt yo asele, nui, epi pafwa touye viktim yo vize sitou yo. Anba akò yo anonse jodi a, jij yo ap gen obligasyon pou konsidere faktè risk ki byen detèmine, tankou yon vyolasyon delenkan an te fè anvan nan yon lòd pwoteksyon ak aksè moun yo akize a nan zam pou tire. Konsiderasyon sa yo ap ede asire moun ki viktim nan vyolans nan kay pa jwenn lòt domaj epi, nan kèk konsekans trajik, pou yo pa pèdi lavi yo. Pati pwojè-lwa sa a ta anvigè 60 jou apre pwojè-lwa a vin lwa.

Kreye yon Ekip Revizyon sou Ka Lanmò yo nan Eta a pou Jwenn Nouvo Fason pou Redui Ansasiny Patnè Entim yo.

Anba akò lejislatif la, Biwo pou Prevansyon Vyolans nan Kay ap kreye yon ekip revizyon ka lanmò nan vyolans nan kay toupatou nan eta a. Ekip revizyon an ap reyini pwofesyonèl ki asosye avèk vyolans nan kay pou revize zak ansasinay vyolans nan kay, nan yon efò pou konprann faktè ki konsène yo pi byen, epitou pou detèmine kijan yo kapab amelyore sistèm nan pou ede anpeche moun pèdi lavi yo pidevan. Ekip revizyon an ta fè rapò ba Gouvènè chak peryòd, epi Lejislati a ap ede Eta a ak kominote lokal yo nan amelyore mezi pou anpeche gen vyolans nan kay.

Yo ta kreye ekip revizyon an 180 jou apre pwojè-lwa a vin lwa.

Asire Delenkan ki Fè Zak Vyolans nan Kay Pa Kapab Kontwole Dispozisyon Kadav yon Viktim

Anba akò lejislatif la, moun ki te jwenn akizasyon yo poutèt yo te lakòz lanmò, oswa ki te anba yon lòd restriksyon pou pwoteje moun ki mouri a, p ap kalifye pou egzèse kontwòl sou dispozisyon kadav moun ki mouri a.

Lwa eta ki la kounye a bay detay sou kimoun ki gen dwa pou kontwole dispozisyon kadav moun ki mouri a, san okenn konsiderasyon tankou si moun nan gen dwa pou egzèse dwa a te ka touye moun ki mouri a. Akò ki fèt jodi a ap asire moun ki montre anpil lahèn pou yon moun ki mouri – jan sa pwouve nan yon lòd pwoteksyon, oswa lè moun nan jwenn akizasyon kriminel akòz fason li te trete moun ki mouri a – jwenn entèdiksyon pou planifye aranjman final pou seremoni ak antèman.

Dènyèman, yon fanm nan Western New York te pèdi lavi li yon fason brital, epi yo te akize mari a kòm ansasen li. Pandan yon peryòd tan long, mari a te refize fè aranjman apwopriye pou antèman, sa ki te lakòz kadav viktim nan rete nan mòg konte a. Akòz dispozisyon ki nan nouvo lwa a, konte a pa t gen otorizasyon pou kite lòt manm fanmi yo fè antèman fanm sa a. Lè mari a te finalman pran yon desizyon, li te fè antèman an nan yon fason fanmi fanm nan te kwè li te fè espere pou montre li pa gen respè, epi li te vyole kwayans fanm nan.

Dispozisyon sa a ta anvigè nan 30 jou apre pwojè-lwa a vin lwa.

Amelyore Sekirite pou Pwoteje Adrès Moun ki Viktim nan Vyolans nan Kay pou Anpeche Lòt Abi Fèt

Anba ak lejislatif la, moun ki viktim vyolans nan kay yo ap pi kapab kenbe adrès yo an sekre pou delenkan yo. Akò a ap amelyore posiblite viktim yo pou pa kenbe adrès yo an sekre lè yo itilize yon lòt adrès postal Depatman Eta a (DOS) konsève. Dapre pwogram sa a, gouvènman eta a ak gouvènman lokal yo dwe aksepte lòt adrès, avèk eksepsyon ki pi piti anpil, epi DOS ap voye kourye yo nan vrè adrès patisipan yo. Pati pwojè-lwa sa a ta anvigè imedyatman.

Answit, akò lejislatif la ap pèmèt moun ki viktim nan vyolans nan kay k ap chèche jwenn sèvis swen medikal ak swen sante mantal pou yo voye korespondans reklamasyon asirans yo, fòm asirans yo ak bòdwo yo nan yon adrès ki sekrè. Twò souvan, adrès moun ki gen asirans lan se menm adrès avèk delenkan ki akize a. Pwojè-lwa a ta pèmèt viktim yo deziyen lòt enfòmasyon kontak yon fason pou yo ka resevwa korespondans asirans sante yo nan yon kote ki pwoteje yo chwazi, tankou kay yon zanmi oswa manm fanmi, yon bwat postal, oswa yon abri.

Pati pwojè-lwa sa a ta anvigè nan dat 1ye janvye 2013.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418